

KIRUNDI

Urutonde Rwo Kwigisha Ikingereza mu Buryo Buhanutse

Igitabu Giha Inkuru Abavyeyi



Izina ry'ishuri:

Agasandugu ka Posita:

Telephone:

Email:

**Amatelefone ashobora
kwakurwako:**

The Pines School

42 Andrew Smith Drive, Parafield Gardens 5107

(08) 8281 2199

Priyanka.Sharma459@schools.sa.edu.au

(08) 8281 5906



Government of South Australia

Department for Education and
Child Development

Kaze kuri

The Pines School**Umurwi Urongoye Ishure**

Cherie Collings
Principal



Sam Konnis
Deputy Principal



Priyanka Sharma
Assistant Principal, IELC

Ivyerekeranye n'urutonde rw'ukwigisha ururimi rw'Ikingereza mu buryo buhanitse hamwe n'urutonde rw'abo ari ho bagishika muri Australia y'epfo

Igisata c'Indero no Guteza Imbere Abana kiratanga ivyigwa vyihuta vy'Ikingereza ku banyeshuri ariho bagishika muri Australia. Mu mashuri y'intango, urwo rutonde rw'ivyigwa rwitwa urutonde rwihuta rwo kwigisha Ikingereza (IELP) kandi mu mashuri yisumbuye na ho rwitwa Urutonde rw'abo ari ho bagishika (NAP).

Abanyeshuri muri kahise kabo bari abimukira canke impunzi biyandikisha mu kigo ca IELP canke NAP imbere yuko baja mu mashuri asanzwe bategerezwa kwigamwo. Hariho ibigo vy'amashuri y'intango bishika cumi n'indwi, n'ikigo kimwe c'amashuri yisumbuye hamwe n'ikigo kimwe c'amashuri yisumbuye cane. Abanyeshuri mu mw'ishuri y'intango biyandikisha mu kigo kiri hagufi y'aho baba. Igihe umuntu yimukiye ahandi, birashoboka yuko umwana wawe ashobora kuja muri IELP yo mu yindi shuri.

Intumbero

The IELP/NAP biha abanyeshuri akaryo ko:

- Kwitegurira kwinjira mu mashuri asanzwe
- Kwiga Ikingereza mu buryo bwihuta mu vyirwa binyuranya mu mirwi mito mito
- Kwiga no kugira uruhara mu bikorwa vyerekeranye n'imico kama yo muri Australia
- Kwakira imfashanyo mu rurimi rwabo rwa mbere aho bishoboka
- Gushira amanga kugira ngo bashobore kuba mu kibano co muri Australia.

Ku bindi bikenewe kumenywa, saba ishuri riguhe agatabu kerekeranye na IELP/NAP, kaboneka mu ndimi 20.

Umwanya/ikiringo Bamara

Ikiringo bamara muri IELP/NAP kivana n'ukugene uwo mwana wawe yari amaze kwiga ungana n'urwego rw'icongereza aba ageze igihe ashitse. Abanyeshuri bo mu mashuri y'intango mu bisanzwe bamara muri IELPguhera ku mezi 12–18. Abanyeshuri bo mw'ishuri ryisumbuye bamara amezi 12–24.

Ishuri umwana ashirwamwo

Abanyeshuri bashirwa mu birasi bijanye n'imyaka yabo. Hazobaho abanyeshuri bageze ku nzego zitandukanye z'ikingereza yamara bamaze imyaka isa n'iyingana. Ni ngirakamaro ko abana baronka abagenzi bashobora kuvugana no gukina.

Ikiringo mfatakibanza

Iyo umunyeshuri agomba kwinjira mw'ishuri risanzwe, abakozi b'iryo shuri bazofasha muri ico kiringo mfatakibanza imbere yuko umunyeshuri yinjira mw'ishuri nsha. Iryo shuri ni ryo mu bisanzwe bazoca bigamwo. N'imiburiburi hazotunganywa ugutemberera iyo shuri nsha rimwe. Iyo umwana wawe atanguye kwiga muri iyo shuri nsha, umurongozi wa IELP/NAP azoca arungikira umwigisha musha ido n'ido y'amanuta uwo mwana yaronse.

Urutonde rw'ivyigwa



Urutonde rw'ivyigwa muri IELP NAP rufatiye cane ku bisabwa mu ndimi mu vyigwa bitandukanye mu rutonde rw'ivyigishwa muri Australia nk'ibiharuro, amagara y'abantu canke indondabihugu. Abigisha baratahura urukurikirane rw'ukugene ururimi rw'ikingereza rwubatswe kandi bagategurira abanyeshuri guhanahana inkuru mu kibano hamwe n'ugushobora kwiga mu vyirwa basabwa kwiga. Kubera yuko abanyeshuri bashasha bashobora gutangurira umwana uwo ari wo wose mu gice c'umwaka ico ari co cose, abigisha bashikiriza urutonde rw'ururimi rw'ikingereza rujanye nibikenewe kwigwa igihe umwana yinjiye mw'ishuri.

Ivyigwa bicagurwamwo bibanza kwigwa neza kuko hari umwana uharuye muri uru rutonde. Abigisha bategura kandi bagapanga ibikorwa bijanye n'ukwiga bizofasha abanyeshuri mu kiringo mfatakibanza imbere yuko binjira mu mashuri asanzwe.

Kwigisha no gusuzuma

Muri Australia y'Epfo, abigisha muri IELP/NAP nib a rurangiranwa mu kwigisha lkingereza nk'urundi rurimi rwongeye ku rwo uwiga yahora avuga. Baratahura yuko ivyo umwana wawe acamwo mw'ishuri bishobora kuba bitandukanye n'ivyitezwe n'amashuri yo muri Australia. Abigisha bazoshigikira abanyeshuri kugira ngo bagire uruhara mu guhanahana ivyiyumviro mw'ishuri, kubaza ibibazo, gukorera mu mirwi kandi bakiyumvira n'ibindi bintu bisha.

Abigisha bose bakoresha igikoresho co gusuzuma, inzego z'ururimi hamwe n'ugufatira ku bicapu kugira ngo bigishe lkingereza kandi basuzume ivyo abanyeshuri bashitseko. Ukuja imbere kw'umwana wawe canke ivyo yashitseko biguma vyandikwa mu gice cose. Mu mwaka w'intango IELP, abigisha bakoresha ivyo umunyeshuri yashitseko hamwe n'ibiharuro hamwe no guharura kugira ngo berekane urwego ageze mu kwiga.



Abakozi B'ishuri Bakoresha Indimi Zibiri

Abakozi B'ishuri Bakoresha Indimi Zibiri (BSSO) bafasha umwinyeshuri kumenyera no kumenyereza ururimi rw'ikigereza abo ariho bagishika. Bafasha abanyeshuri umwe umwe ukwiwe canke bakabafashiriza mu mirwi mito mito. Barongera bakabafasha mu kuganira no guhana amakuru hagati y'ishuri, abanyeshuri n'abavyeyi. Amashuri afata ingingo afatiye ku gice cose ku vyerekeranye n'ico bofasha ca mbere mu rurimi rwa mbere abanyeshuri bakeneye. Iyo mfashanyo ivana n'ukubaho kw'abakozi bakoresha indimi zibiri kw'ishuri.

Ugutembera no kuja mubindi bikorwa vy'ishuri

Ugutembera no kuja mu bikorwa vy'ishuri bituma abanyeshuri biga ivyerekeye ababanyi n'ikibano kandi bagize ivyigwa bitangwa muri IELP/NAP. Iryo bacamwo ni akaryo ko gutahura vyinshi vyerekeye imigirwa kandi bigatuma bamenya ururimi rutuma bagira uruhara kandi baja muri ivyo bikorwa.

Ukwiunguruza

Abanyeshuri bari musi y'imyaka cumi kandi baba ku birometero birenga 1.75 y'ishuri barashobora kwemererwa kugenda n'imodoka yunguruza abanyeshuri haba mu gutonda no mu gutaha.

Umutekano w'abanyeshuri muri izo modoka zibunguruza ni uruhara rwa buri wese.

Uruhara rw'abitaho abana:

- Abanyeshuri kuba biteguye kandi barindiriyeho guhitanywa n'imodoka ibatora mu gitondo ibajana kw'ishuri
- Kuba muhira kandi uboneka igihe abanyeshuri bururukijwe umuduga inyuma y'umutaga
- Vugana n'umwana wawe ibijanye n'inyifato hamwe n'ingeso nziza
- Menyeshya ishuri canke uwunyonga imodoka nimba bidakenewe ko umwana wawe ahitanwa umusi kanaka.

Uruhara rw'abanyeshuri:

- Gukwirikiza ivyo uwugendesha umuduga ababariye
- Kwambara umukanda wo gukingira abantu kandi no kuguma bawambaye igihe cose imodoka iba iriko iragenda
- Kuvuga bukebuke, kutarenza urwamo
- Kutarira mu muduga canke kutanywera mu muduga
- Kudahagarara mu muduga canke kudahinduranya ibibanza vyo kwicaramwo
- Ntivyemewe gusohora umutwe canke igice c'umubiri hanze mw'idirisha.

Abagendesha imiduga bategerezwa kumenyeshya uburungozi abanyeshuri badakwirikiza ayo mategeko. Iyo iyo ngeso mbi ibandaniye, canke irengeje urugero, uwo mwana azokwankirwa kugendera muri uyo muduga n'imiburuburi umusi umwe. Abavyeyi bazobimenyeshya. Nk'uko uwo munyeshuri atazoba ahagaritswe, uwitaho uwo mwana ni we azokwimenya ingene amushikana kw'ishuri n'ingene amutora kw'ishuri uwo musi azoba ahagaritswe canke ahawe igihano.

Inkuru zijanye n'ishuri

Ibihe amashuri aba yuguruye abanyeshuri biga

Ku wa mbere – ku wa gatanu

08:50 am – 03:00 pm

Ibihe vyo kuvuza ikengeri

imyanya	Igikorwa
08:30 am	Abanyeshuri bashobora kwinjira ku bibuga vy'ishuri
08:40 am	Abanyeshuri baca binjira bagatangura
08:50 am	Ivyigwa
10:40 am	akaruhuko
11:00 am	Ivyigwa
12:40 pm	Kurya ivyo akavunamusase
12:50 pm	Ikiruhuko co ku mutaga
01:20 pm	Ivyigwa
03:00 pm	Guheraheza umusi w'ishuri

Kuja kw'ishuri /igisibo

Muri Australia Y'Epfo, abanyeshuri bose bari hagati y'imyaka itandatu gushika ku myaka cumi n'indwi basabwa n'amategeko kwama baja kw'ishuri, canke kwiga.

kwama baja kw'ishuri kandi no kwiga intonde zashizweho n'ubushikiranganji bw'indero ni ngombwa kugira ngo abanyeshuri batere imbere mu vy'ubumenyi.

Iyo umwana wawe asivye kw'ishuri, tabaranya ubimenyeshe ishuri ukoresheshe telephone canke ubandikire.

Iyo uzi ko umwana wawe azosiba ishuri imisi itatu canke irenga kubera ibibazo vy'umuryango, hariho urwandiko **utegerezwa** kwuzuza kandi rukemezwa n'umuyobozi w'ishuri imbere yuko uwo munyeshuri yemererwa kugenda canke gusiba.

Gucerwa canke gutorwa n'umuduga imbere y'amasaha ategakanijwe

Umunyeshuri ashitse acerewe:

- ategerezwa guca mu biro agatora igikaratasi cemeza ko yashitse acerewe imbere yuko yinjira mu kirasi.
- ategerezwa guca yinjira mw'ishuri ako kanya nyene.
- ategerezwa guca mu biro agashira igikumu ku rukaratasi rwemeza ko yacerewe.
- ategerezwa kwerekana ko yashitse mu biro vy'abanyeshuri.

Ku munyeshuri akeneye gutaha kare, kuva kw'ishuri amasaha ataragera:

- umuvyeyi /uwujewe uwo mwana ategerezwa kubiterera igikumu no kuvyandika mu gitabu kiri mu biro.
- umuvyeyi /uwujewe uwo mwana ategerezwa gusigura igituma muri nankana y'umunyeshuri wiwe.
- umuvyeyi /uwujewe uwo mwana ategerezwa guhitana no gutora agakaratasi mu biro kamenyesha ko umwana azotorwa kare akakajana ku mwigisha w'iyi shure.
- umuvyeyi /uwujewe uwo mwana ategerezwa kuvugana n'umurezi canke umwigisha w'iyi shuri yigamwo.
- ategerezwa gutera igikumu ko yavuye kw'ishuri mu biro vy'abanyeshuri.

Gucungera abana mu kibuga

Umunyeshuri nategerezwa kuba kw'ishuri im **08:30 am** canke **03:20 pm** kubera umwigisha atazoba ari ku kazi.

Amagara y'umnyeshuri n'umutekano

Umwana ategerezwa kwigira ahantu heza

Abigisha baratahura ko abanyeshuri bategerezwa kwiyumva mu mutekano uhagije. Bigisha abanyeshuri ibijanye n'ibihe bigoye, ibintu bigoye, ibikoresho bigoye bishobora gutera akaga hamwe n'ibikorwa bimwe bimwe bishobora gutera akaga. Kubonera abandi bana ntivyemewe na gatoya, kubanyuzura ntivyemewe haba mw'ishuri canke aho bakinira canke kubavuga nabi mu buhinga bwa none, haba mu kubafata amafoto mu buryo butari bwo.

Abavyeyi n'abigisha bafise uruhara rwo gukingira abana ingorane zose zishobora kwaduka mu kubacungera igihe baba bariko barakoresha ubwo buhinga bwa none. Amashuri n'abakozi bayo basabwa n'amategeko kumenyesha abana bahohotewe n'abirengagijwe ku murongo ujejwe gukingira abana kugira ngo ntibahoterwe.

Urutonde rukurikizwa habaye ikintu cihuta

Amashuri yose akwirikiza intonde igihe habaye ibintu vyihuta kugira ngo abanyeshuri bamenye ico bakwiriye gukora igihe mu kibuga canke mu nyubakwa hadutse ikintu kitari ciza, hadutse umutekano muke.

Mu gihe co *kuvana abanyeshuri* aho hantu hahungabanye, bategerezwa kuva muri izonyubakwa bagakoranira mu kibuga mugihe hadutse umuriro. Igihe *bariko baravanwaho*, baca bava ku kibuga bakaja mu zindi nyubakwa.

Abashitsi basabwa kwuzuza "mu gitabu c'abashitsi" kiri mu biro. Abakozi baca bamenya umushitsi ari mw'ishuri igihe hadutse ikintu cihuta kandi gisaba gukingira uwo ari we wese ari ngaho.

Inda zo mu mutwe

Inda zo mu mutwe zirakunda kuboneka mu bihe bimwe bimwe mu mwaka. Mubanje gutanga uruhusha, abakozi bazosuzuma mu mishatsi y'abana nimbi hari inda zo mu mutwe zadutse. Igihe basanze inda zo mu mutwe zirimwo mu mushatsi, imiryango yose y'abana bo muri iryo shuri baca babimenyeshwa kugira ngo nab o basuzume mu mishatsi y'abana babo I muhira. Abanyeshuri bategerezwa kuguma muhira kugeza igihe bakoresheje umuti wo kuzica n'amagi yazo yose akavanwaho.



Kuraba inda zo mu mutwe

Igihe hashushe canke igihe hari imvura

Ku misi y'ubushuhe burengeye canke ku misi y'imvura, abanyeshuri baguma mu nzu mu karuhuko hamwe no mu gihe co kurya ku mutaga, bacungerewe n'abigisha.

Ingwara /Gukomereka

Abana barwaye bategerezwa kuguma i muhira kugira ngo ingwara ntizandukire abandi.

Iyo basivye, tabaranya mubimenyeshe ishuri. Abanyeshuri bagize impanuka canke bagwariye kw'ishuri baca bayanwa mu biro

/ mu cumba c'abarwaye. Abanyeshuri baca bavugwa kandi bibaye ngombwa, ababareze barashobora kwakurwa kuri telephone kugira ngo baze babatore babajane i muhira. Ku bijanye n'ibikomere binini canke ingwara zikomeye rusehabaniha irashobora guhamagawa ikabajana kwa muganga.



Icumba c'abarwaye

Mu myaka ya mbere y'ishuri umwana arashobora kwandukirwa n'ingwara zitandukanye. Kugira ngo abandi ntubandukuzwe, abanyeshuri barwaye bategerezwa kuguma i muhira. Ibihe vyo gukumirwa ni ibihe bito bito. Umuganga wawe ni we azokwandikira ikirango umwana wawe ategerezwa kuguma i muhira.

Ingwara	Igihe umwana ategerezwa gukumirwa (kuguma i muhira)
Agasama	Imisi 5 hamaze kuboneka ibimenyetso vyako
Ingwara y'amaso	Ategerezwa gukumirwa kugeza ibirarira biheze ku maso
(kuvyimba mu maso /ingwara igira gatanu)	Ntashubira kw'ishuri kugeza agize mitende
Ibimiromiro	Ntashubira kw'ishuri kugeza akize
Ukuboko, ukuguru hamwe n'umunwa	Arakumirwa kugeza ibimenyetso biheze
Ibihute (ibiviyimba vyadutse kw'ishuri)	Barakumirwa kugeza batanguye kuvugwa. ibikomere bitegerezwa gupfukwa
Ibicurane n'inkorora	Ntakwiriye kugaruka kw'ishuri kugeza akize
Ibihara	Imisi 4 bimaze kuboneka ku mubiri
Amasambambwika	Imisi 9 canke kugeza ukuvyimba guheze
Ibiviyimba ku mubiri	Gukumirwa kw'ishuri iyo atanguye kuvugwa
Rubella (amasambabwika yo mu budagi)	Imisi 5 kuva hatanguye kuboneka ibimenyetso
Ingwara yo kwiyagaza ku mubiri	Gukumirwa gushitsa umusi atanguriye kuvurirwa
Inkorora y'akanira	Gukumirwa imisi itanu kuva atanguye gufata imiti

Imiti

Abarezi basabwa gutanga inkuru n'imiti ijanye n'ingwara abana bafashe hamwe n'uguhurira harimwo asima, mu biro. (integuro y'ukuvugwa yateweko igikumu n'umuganga, yujijwe n'umuganga irakenewe ku banyeshuri baba bakeneye kuja kwa muganga kenshi).

Abakozi ntibemerewe guha umuti uwo ari wo wose abana naho yoba ari panadol. Yamara, abakozi bavyigishijwe barashobora gushigikira canke gucungera abana iyo bariko baranywa, barafata imiti yabo.

Infashanyo Ijanye N’amenyo Kw’ishuri

Igisata kijejwe ivyerekeranye n’amenyo muri Australia y’Epfo gitanga ingene bokwitwararika amenyo ku bana bose batarashikana imyaka 18. Ico gisata kibikora ku buntu icyo:

- Ufise agakarata k’ao uhora uvurirwa
- Agakarata k’ishuri
- Urutonde rw’ikiringo umwana yemerewe mu bijanye n’igisata c’amenyo.

Iyo umwana adafise na kimwe muri ivyo, ibijanye no gukura canke gufasha mu bijanye n’amenyo bizomusaba gutanga amahera makeya. Ca wakura ivuriro riri ngaho hepfo bamushire ku rutonde rw’abo muganga azokwakira. Si amavuriro yose yugurura imisi yose.

Izina ry’ivuriro ryo mu micungararo:

Salisbury Downs Dental Clinic

Agasandugu ka posita:

Hollywood Boulevard, Hollywood Plaza Shopping Centre, Salisbury Downs

Itelephone:

(08) 8250 9254

Igihe vyihuta cane akura kuri 1800 022 222.

Ugupima igituntu

Ibitaro vyo muri Adelaide (RAH), abapima ivyo mu gikiriza bama batemberera ibigo birimwo IELP imyaka yose kugira ngo bapime igituntu (TB). Iyi ni ingwara y’amahaha, kandi iboneka mu bihugu vyinshi vyo hanze ya Australia. Abakiri bato bakomoka mu ntara zigwiriye mu igituntu baba bari mu kaga ko kucandura no kurwara icyo ngwara. Muvyemeye, umwana wanyu yokorerwako, agasuzumwa.

Ivyo bisaba ko habaho ukumugendera incuro zibiri kw’abaganga bo mw’ivuriro RAH bapima mu mahaha, mu gikiriza (imisi itatu yisangije), ubwa mbere agahabwa idose yo y’igituntu mu rukoba rw’uwo muntu akomoka ahantu hari igituntu cinshi hanyuma akabona gupima ingene vyagenze, ingene umubiri wiwe wifata kuri ivyo wagiriwe. Abanyeshuri barwaye igituntu bakeneye guhabwa ibinini bivura igituntu. Ivyo vyose ni ku buntu nta mahera bitangirwa.



Ukugenderwa kwa 1 – gupima urukoba ko rwaba rwa Tuberculin Skin Test



Ukugenderwa kwa 2 – gupima ingene umubiri wavyifashemwo

Ukugene bigenda kw' ishuri

Ingeso/ inyifato abana bitegwa kugira

Ishuri rirafise amategeko ngenderwako abanyeshuri bategerezwa gukwiririza.

ingeso n'inyifato yubahiriza uburenganzira bw'abanyeshuri mu kwiga n'uburenganzira bw'abigisha kwigisha ni ingeso n'inyifato zibereye.

Ukwiga kugenda neza igihe abanyeshuri:

- Bize mu mutekano kandi ata gakacira
- Bumva yuko bari ahantu bakundwa kandi bitaweho, bitwararitswe
- Bazwi ko aria bantu b'igicro, b'akamaro
- Kwubahiriza imicokama hamwe no amadini yabo atandukanye
- Bashobora kwihitramwo no gufata ingingo nziza
- Banezererwa shuri
- Bashobora kumenya no gutera imbere.

Abigisha n'abanyeshuri bashiraho amategeko agenga ishuri bari kumwe bose. Ingeso mbi mw'ishuri zishobora gushikana kuri ibi bikurikira:

- Kwibukanya amategeko nokuayaharirako.
- Umwanya "wo gusohoka"
- Uruhusha rwo kuja "kwihagarika" kumunyeshuri
- Akanya" ko kuruhuka" ku bakozi bo mu biro.

Mu kibuga, hariho amategeko rusangi abanyeshuri bose bategerezwa gukwiririza. Iyo hari itegeko rirenzwe, abanyeshuri barashobora gukurwako uburenganzira bwabo bwo gukina. Basabwa guca bicara bakiyumvira ku ngeso n'inyifato berekanye.

Iyo inyifato n'ingeso y'umunyeshuri rengerije urugero canke itari nziza yo kwihanganira, amashuri arashobora:

- Kubaza muhira kandi bagategura umubonano n'abarezi b'abo bana
- Barashobora gukoresha ivyo amategeko abemerera
- Gutwara uwo mwana i muhira canke bagahagarika, bakirukana uwo mwana kuri icyo shuri.

Gukubita umwana yaba amakofe canke intosho canke kumurya ibinuma ntivyemewe na gatoya kw'ishuri.

Ugutahura ivyitezwe ku ngeso z'umunyeshuri n'ingaruka zavyo biomenyekanira mu guhanura, mu kwerekana akarorero keza, mu kwigana hamwe no gushima ibikorwa vyiza.

Ikoranirizo ry'ibitabu

Abanyeshuri barashobora gutiza ibitabu can borrow books from the library to take home to read. They must be returned after:

- iyinga rimwe.
- amayinga abiri.

Gerageza kutandika mu musomyi. Iyo ako gatabu kononekaye canke katakaye, urashobora gusabwa kukariha.

Ibintu vy'agaciro

Bisabwa uko abana batazana kw'ishuri ibintu vy'agaciro kw'ishuri, uburorero. Amatelefone ngendanwa, iPods hamwe n'amahera menshi.

Ishuri ntirizobazwa ikintu na kimwe niyo ivyo bintu vy'agaciro vyatakara.




Abanyeshuri gushobora kwiga



Uburenganzira bw'abanyeshuri bwo kuba mu mutekano no mu mahoro

Umwanya w'akaruhuko



Itororokanirizo ry'ibitabu

Ibiba vyatakaye

Iyo umwana wawe atakaje ikintu na kimwe ciwe kw'ishuri ashobora kukironderera aho babika ivyatakaye vyatowe:

- kubiro vy'imbere
- aho bagurira utuntu.
- hanze kubira vyo IELC.
- mw'itororekanizo ry'ibitabu.
- mu kazu kari aho bakinira.
- hanze y'aho umuhanuzi akorera.



Aho begeraniriza ivyatakaye vyatowe

Gushirako ikiranga ibintu

Raba neza yuko ibintu vy'umwana wawe vyose biriko ikibiranga hariko izina ryiwe, akarorero ako atekeramwo ivyokurya vyo ku mutanga, amacupa umwana atekeramwo ibinyobwa hamwe n'ivyo atekeramwo impuzu.

Amategeko ajanye n'inyambaro

Bitegekanijwe yuko abanyeshuri bambara umwambaro w'ishuri imisi yose. Ushobora kugura uwo mwambaro:

- kw'ishuri.
- aho badandariza umwambaro ugenga ishuri mu gisagara.
- kuri BIG W, Kmart canke Target.

Ni ngirakamaro yuko abanyeshuri bambara bikwije kandi bihagije bijanye n'ukugene umusi uzoba umeze mu gushuha canke mu gukanya, uburorero imipira, amapantaro maremare, ibirato vyugaye igihe hakanye n'igihe imvura iriko iragwa.

Inkofero

Turafise amategeko asaba yuko iyo hariho izuba abanyeshuri bambara inkofera y'ishuri. Iyo umwana adafise inkofero baca bicarikwa mu gatatu basangiye n'abandi.

Inkofero iguma kw'ishuri kandi itegerezwa kwambarwa igihe cose bari hanze:

- umwanyi uwo ari wo wose mu mwaka.
- Mu gice ca mbere no mu gice ca kane.
- Mu gice ca 1, 3 & 4 no mu gice ca 2 igihe ubushuhe (UV) burengeye 3.
- Mu gice ca 1, 3 n'ica 4.
- umwanya wose mu mwaka –igihe UV ingana na gatatu canke isumba gatatu.

Inkofero y'ishuri

Iyo umwana wawe yatakaje inkofero yiwe uzotegerezwa kugura iyindi mu biro biri imbere y'ishuri.

Impuzu ziberanye n'ishuri

Izo hejuru



Udupila tw'ishuri



Umupira w'ishuri wo kwambara



Sagapira k'ishuri

Izo hasiku maguru



Amabutura maremare



Amabutura magufi



Amakanzu y'ishuri

Ibifungurwa n'ingaburo

Akaruhuko

Abana bazana utwo gufungurira kw'ishuri iyo bagiye mu karuhuko akarorero ivyamwa. Duhimiriza abana kuzana icupa ry'amazi banywa umusi wose.

Ivyo kurya vyo ku murango

Abana bategerezwa kuzana ibifungurwa vyo ku mutaga babivanye i muhira. Dusaba yuko abanyeshuri bazana impfungurwa zibereye ngirakamaro kw'ishuri. Gerageze ntimurungike ntimurungike imitsima, amafanta, amabazoka n'ibindi.

barashobora kandi gusaba ibifungurwa vyo ku mutaga mw'ifunguriro ry'abanyeshuri. Riba ryuguruwe:

- imisi yose
- ku wa kabiri no ku wa gatatu
- kuva ku wa kabiri gushika ku wa gatanu.

barashobora kandi gutuma ko indya mu buriro bwo mu micungararo.

abana nib o biyandikira ivyo bashaka gutumako mu kabweta kategekanijwe n'ishuri maze bagashiramwo amahera y'ivyo batumyeke.

Ntidushobora gushusha ivyo kurya vyavanywe i muhira.

Guhurirwa

Nk'uko hariho abanyeshuri bahurirwa iyo bariye ikaranga, birasabwe ko atawozana ivyokurya birimwo ikaranga kw'ishuri, uburorero muesli, nutella, ivyo basiga ku mukate bikoze mw'ikaranga.

Uruhara rw'abavyeyi

Turakiranye urweze uruhara rw'abavyeyi n'abitaho abanyeshuri mu buzima bw'ishuri. Iyi mfashanyo ishobora kubaho muburyo bwinshi nko kwumviriza abanyeshuri ingene basoma, gufasha iyo bagiye kwihereza, gufasha mu bihe vy'ibikorwa hamwe n'ibindi. Usabwe kurondera umwigisha w'umwana nimba wipfuzaga gufasha kw'ishuri.

Gerageza gusuzuma umupfuko w'umwana imisi yose mw'ijoro kugira umenye ibimenyeshywe ku musi ukurikira.

Imisomyi

Umusomyi azokwama aza i muhira imisi yose. Ni ngirakamaro ko umwana wawe asomera uwundi muntu imisi yose mw'ijoro. Urabe neza ko uwo musomyi yama agarukanwa kw'ishuri imisi yose.

Igikorwa co gukorera muhira

Ivyitezwe ku bikorwa vyo muhira birahindagurika. Abigisha bategerezwe kubanza kuraba imyaka y'umunyeshuri, ubwenge, urwego ageze mu kiringereza, ingene umuryango umufasha hamwe n'ibiriho vyo kumufasha. Nimba hari ibibazo ivyo ari vyo vyose ku vyerekeranye n'igikorwa co muhira, kuvugana n'umwigisha w'umwana wawe.

Ibinyamakuru n'ibivugwamwo

Ko ikinyamakuru c'ishuri kirungikwa muhira:

- uko haheze amayinga abiri.
- uko ukwezi guheze.
- Kabiri mu gice.
- 3 mu gice.

Ibindi bimenyeshywe birashobora kurungikwa i muhira nk'ukwihereza, iyo abanyeshuri barungitswe muhira imbere y'igihe cari kizwi canke gitegekanijwe, igihe amashuri azopfunga n'ibindi.

Ibimenyeshywe bimwe bimwe bishobora gusaba ko biba vyashizweko igikumu n'abavyeyi imbere yuko bigarukanwa kw'ishuri.

Nankana/agatabu ko gutumatumanako amakuru hagati y'ishuri n'abavyeyi

Rimwe na rimwe umwigisha w'umunyeshuri ashobora kukwandikira ibintu kanaka mu gatabu ko gutumatumanako amakuru hagati y'umwigisha n'abavyeyi canke muri nankana. Urashobora kandi gukoresha iyo nankana mu kwandikira umwigisha w'umwana wawe.

Abanyeshuri bakoresha nankana kugira ngo bandikemwo ibikorwa vyabo basabwa gukorera muhira hamwe n'ibintu bakeneye kwibuka. Ibi bisaba igikumu mu mpera y'iyinga.



Ivyokurya bibereye kuribwa



Ivyo kurya bibereye kuribwa ku mutaga

Nankana yo gutumatumanako amakuru

kumenyesha abavyeyi /Abarezi

Abigisha bazomenyesha abavyeyi ingene umwana wabo ariko aratera imbere mu vyigwa.

- Umuvyeyi/umwigisha/umunyeshuri baragira ibiganiro mu mwaka. Abasobanuzi baba bahari igihe bibaye ngombwa.
- Icegeranyo canditswe gica kirungikwa i muhira igihe umwana ahejeje urwo rutonde.
- Ukwakurana ku matelefone hamwe no guhana isango biragirwa igihe bikenewe.

Amahera y'ishuri

Amahera y'ishuri aratandukanye bivanye n'ishuri. Amahera y'ishuri (canke "ibikoresho n'ibindi bisabwa ku bikorwa biba vyakozwe")

ashingwa n'urwego nyobozi kandi ariha amakaramu, ivyanditswe, hamwe n'ibindi bironswa


abanyeshuri hamwe no gukoresha ibikoresho vy'ishuri nk'itororokanirizo ry'ibitabu, ubuhinga bwa none hamwe n'ibindi bikoresho bifasha abanyeshuri kwiha no gutahura.

Ikarata y'ishuri

Iyo ufise ikarata y'ikigo gihuza amashuri, umuryango wawe urashobora kuronka imfashanyo ivuye muri Reta. Iyo mfashanyo yitwa ikarata y'ishuri.

Ikarata y'ishuri ikoreshe mu kuriha ibikoresho vy'ishuri hamwe n'ibikorwa abanyeshuri bakorerwa. Iyo karata y'ishuri ntrihira umwambaro w'ishuri, ukwiherera, ugusohokana abanyeshuri canke iyindi misi mikuru idasanzwe y'ishuri.

Nimba iyo karata uyifise, uyizane hamwe na visa kw'ishuri vyihuta.



Ivyongeweko

	Urukaratasi
Ido n'ido ry'abo ushobora gucako kw'ishuri	1
Urutonde rwo kwigisha ururimi rw'ikigereza mu buryo buhanitse hamwe n'urutonde rw'abo ari ho bagishika muri Australia y'epfo	2
Intumbero	2
Ikiringo co kuhaba	3
Gushirwa mu kirasi	3
Ikiringo mfatakibanza	3
Ivyigwa	3
Kwigisha no gusuzuma	3
Abakozi B'ishuri Bakoresha Indimi Zibiri	4
Kwiherera hamwe n'ibikorwa bikorerwa kw'ishuri	4
Ukwiyunguruzwa	4
Inkuru zo kw'ishuri	4
Imyanya yo kw'ishuri	4
Imyanya y'amakengeri	4
Kuja kw'ishuri/ibisibo	5
Gucererwa kuja kw'ishuri canke gutorwa kare mu kuja kw'ishuri	5
Gucungera abanyeshuri mu kibuga	5

	Urukaratasi
Amagara y'umunyeshuri n'umutekano	5
Aho umwana ashobora kugendera no kuba mu mutekano	5
Ingene bigenda mu gihe hadutse akaga kanaka	5
Inda zo mu mutwe	5
Igihe hashushye canke igihe hakanye	6
Ingwara /ugukomereka	6
Ingwara zandukira	6
Imiti	6
Ugukura amenyo kw'ishuri	7
Gupima igituntu	7
Ingene bitegerezwa kugenda kw'ishure	8
Ivyitezwe ku ngeso no ku nyifato	8
Itorokanirizo ry'ibitabu	8
Ibintu vy'agaciro	8
Ibintu vyatakaye	9
Gushira akamenyetso ku bintu	9
Amategeko y'inyambaro	9
Inkofero	9
Impuzu zibereye kw'ishuri	9
Ivyo kurya n'ingaburo	10
Akaruhuko	10
Ibifungurwa vyo ku mutaga	10
Uguhurirwa	10
Uruhara rw'abavyeyi	10
Abasomyi	10
Igikorwa co gukorera i muhira	10
Ibinyamakuru n'ivyo abigisha bashaka kumenyesha	10
Nankana/n'udutabu two gutumatumanako amakuru hagati y'umunyeshuri n'umuvyeyi n'abigisha	10
Kumenyesha abavyeyi /n'abarezi	11
Amafaranga y'ishuri	11
Ikarata y'ishuri	11